тронной почты или специальных сайтов. Не предусматривается прямой контакт преподавателя и обучающихся. Цель применения сетевых технологий: дистанционное или инклюзивное образование [2:19].

В обучении иностранным языкам, в том числе и русскому языку, сетевые технологии имеют неоспоримые преимущества по сравнению с традиционными методами обучения. Сетевые технологии, гармонично дополняя традиционные формы обучения, наряду с этим содействуют решению ряда учебно-образовательных задач, которые сложно решить традиционными методами. Исходя из этого, вопрос о том, нужно ли применять сетевые технологии при обучении иностранным языкам, представляется излишним.

Облачные технологии в процессе обучения медицинским терминам русского языка студентов-медиков, на первый взгляд, имеют те же возможности, что и локальные компьютеры, с той только разницей, что сохранение учебной информации не будет перегружать память персонального компьютера, так как будет производиться на удаленном дисковом пространстве сервера. Однако возможности облачных технологий намного шире.

В отличие от персональных компьютеров, облачные технологии дают доступ к информации с любого источника (другого компьютера, планшета, сотового телефона) и браузера. Облачные технологии позволяют обрабатывать одну и ту же информацию одновременно с нескольких различных устройств при помощи предоставляемых облаком различных сервисных программных обеспечений и услуг, объединять свою версию с версиями других пользователей и не терять информацию в случаях неполадок с устройством, поскольку она хранится на удаленном диске. Такие преимущества облачных технологий делают их привлекательными для их использования в учебных целях в процессе обучения медицинским терминам русского языка.

Таким образом, сетевые технологии в обучении медицинской терминологии русского языка студентов медицинских высших образовательных учреждений за счет применения индивидуально-персонализированных, коллективных, дистанционных и других форм обучения и реализации интегративного, гносеологического, проблемно-модульного, компетентностно-деятельностного, коммуникативный подходов в организации и проведении учебного процесса повышают мотивацию к самостоятельному изучению русского языка развивают творческие способности студентов, дают возможность самореализации и закладывают навыки и умения ведения научно-исследовательской деятельности.

**Литература**


1. Колесников А.К., Оспенникова Е.В. Информатизация образовательного процесса в педагогическом университете // Вестник Пермского государственного гуманитарно-педагогического университета. Серия: Информационные компьютерные технологии в образовании, № 1, 2005. – С. 6.
2. Охота Д.А. Сетевые технологии как средство развития коммуникативных и творческих способностей будущих учителей английского языка // Личность, семья и общество: вопросы педагогики и психологии: Матер. LVIII междунар. науч.-практ. конф., № 11 (56). – Новосибирск: СибАК, 2015. – С. 19.
3. Тестов В.А. Сетевые технологии в образовании: проблемы и перспективы // http://elib.bsu.by/handle/123456789/105236
4. Шестак В.П., Весна Е.Б., Платонов В.Н. Сетевое образование: лучшие отечественные и зарубежные практики // Современные проблемы науки и образования, № 6, 2013. –URL: http://www.science-education.ru/ru/article/view?id=10981
5. Goodyear, P. Banks, S. Hodgson, V. and McConnell, D. eds . Advances in Research on Networked Learning. –London: Kluwer Academic Publishers, 2004.
6. https://sonikelf.ru/oblachnye-texnologii-dlya-zemnyx-polzovatelej
7. http://www.morepc.ru/dict/https://ru.wikipedia.org/wiki
8. https://ru.wikipedia.org/wiki/



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада рус тилини чет тили сифатида ўқитишда тармоқ тизимининг ўрни ва роли тадқиқ қилинган. Тармоқнинг ахборот макони инсон ва жамият фаолиятининг деярли барча соҳаларини қамраб олган ва у турли йўллар билан инсон фаолиятини бошқарувчи сифатида қаралмоқда.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается роль сетевого образования в процессе преподавания русского языка как иностранного. Сетевое информационное пространство практически охватило все сферы деятельности человека и общества и продолжает разнообразным образом внедряться в повседневную жизнь.

**SUMMARY**

The article discusses the role of network education in the process of teaching Russian as a foreign language. The network information space has practically covered all spheres of human activity and society and continues to be introduced into everyday life in a variety of ways.


## АКАДЕМИЯЛЫҚ ЛИЦЕЙЛЕРДЕ Ө.ХОЖАНИЯЗОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИН ОҚЫТЫЎ


**К.Алламбергенов** –*филология илимлериниң докторы, профессор*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Қ.А.Юсупов** –*филология илимлериниң кандидаты, доцент*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** адабиёт, адабиётшунос, поэзия, поэма, образ, ижоди, стиль, метод, жанрлар, тил, публицистика.

**Ключевые слова:** литература, литературовед, поэзия, поэма, образ, творчество, стиль, метод, жанры, тил, публицистика.

**Key words:** literature, specialist in literature, poetry, poem, character, creative work, style, method, writing, genres, language, publicistic.


Академиялық лицейлерде XX әсир қарақалпақ әдебиятын оқытыўда оқыўшыларға жазыўшылар дөретиўшилигин үйретиў педагогика илиминде әҳмийетли методикалық мәселелердиң бири. Бул мәселе бойынша белгили методист алымлар С.Ахмедов, Ә.Пахратдинов, Ә.Пирназаров, С.Долимов, Ҳ.Убайдуллаев, Қ.Ахмедов, Қ.Йулдошев, Б.Тўхлиев ҳәм т. басқалардың методикалық мийнетлеринде жетерли пикирлер билдирилгени жоқ [1]. Сонлықтан, бул мәселени белгили шайыр ҳәм жазыўшы Өсербай Хожаниязов дөретиўшилиги мысалында үйренгенди мақсетке муўапық көрдик. Усы көзқарастан, академиялық лицей оқыўшыларына дәслеп бағдарламадағы берилген материаллар тийкарында жазыўшы дөретиўшилигиниң изертлениўине, әдебий топламларына сыпатлама берип, буннан соң оның дөретиўшилигин дидактикалық ҳәм филологиялық усылларда таллап өтемиз.

Бул усыллар арқалы оқыўшыларға былайынша түсиник беремиз: XX әсир қарақалпақ әдебиятының 50-70-жылларында өзиниң поэзиясы, прозасы ҳәм аўдарма дөретпелери менен айрықша көзге түскен жазыўшылардың бири Ө.Хожаниязов болып, өзиниң заман-

ласлары болған И.Юсупов, Б.Исмайлов, Т.Сейтжанов, Х.Турымбетов ҳәм т. басқалардың дөретиўшилиги арасында өз ҳаўазы, стили менен өзгешеленип турды. Оның өмири ҳәм дөретпелери ҳаққында тоқтап өтеуғын болсақ, Ө.Хожаниязов 1926-жылы Тахтакөпир районында туўылған. 1942-1947-жыллар аралығында мектепте муғаллим, районлық газетада жуўаплы хаткер болып ислейди. 1949-жылы муғаллимлер институтын тамамлады ҳәм ҳәзирги «Қарақалпақстан жаслары» газетасында бөлим баслығы болды (1950-1951), 1956-жылы Москвада М.Горький атындағы Әдебият институтын тамамлап, «Қарақалпақстан» баспасында бөлим баслығы (1956-1961), «Әмиўдәрья» журналында бөлим баслығы (1962-1964), ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан» газетасында хабаршы (1964-1974), «Әмиўдәрья» журналында жуўаплы хаткер (1972-1974), Жазыўшылар аўқамының жуўаплы хаткери (1974-1977) лаўазымларында иследи. Ол 1953-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеслериниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды. Оған «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери» атағы берилди.

Өсербай Хожаниязов дөретиўшилигине тән өзгешелик ол дәўир талабы менен бирге жасады. Жазыўшы ҳәм журналист сыпатында жәмийетлик өмиримиздиң әҳмийетли мәселелери ҳаққында көркем дөретпелер жазды. Оның «Шын жүректен» (1952), «Бизиң комиссар» (1958), «Өмир маржанлары» (1959), «Пәрўаз» (1976) сыяқлы қосықлар топламлары жәрияланды. Жазыўшының «Бахыт босағасында» (1956), «Айдана» (1972), «Бир совхозда» (1960), «Қыс балладасы» (1970), «Жайнаған жәзийра» (1975), «Бир өмир қыссасы», «Жезтырнақ», «Жалынлы жылларда» повестьлери дөреди. 1987-жылы «Жайлаўдағы бәҳәр» роман ҳәм повестьлер топламы басылып шықты. Бул көркем дөретпелер қарақалпақ әдебияты тарийхынан беккем орын ийелеген шығармалар болды. Жазыўшының гүрриңлери менен қосықлары өзбек, қазақ, қырғыз ҳәм рус тиллерине, «Айдана» повести (1962) өзбек тилине аўдарылып дағазаланды. Ол В.Шекспир, И.Тургенов, М.Горький, Салтыков-Щедринлердиң шығармаларынан қарақалпақ тилине аўдармалар жасады.

Ө.Хожаниязовтың дөретиўшилигине белгили әдебиятшылар М.Нурмуҳаммедов, С.Ахмедов, Қ.Мақсетов, К.Кудайбергеновлар унамлы пикирлерин билдирген [2]. Академик М.Нурмуҳаммедов өзиниң қарақалпақ прозасы бойынша изертлеў жумысында жазыўшының гүрриңлерине терең филологиялық таллаў жасап, қаҳарман образын ашып бериўдеги шеберлик мәселесине дыққат аўдарып, ондағы жетискенлик ҳәм кемшиликлер ҳаққында пикирлерин билдирип өткен еди [3: 275-277]. Сондай-ақ, белгили әдебиятшы, профессор Қонысбай Камалов «Ө.Хожаниязов дөретиўшилиги» ҳаққында жазған мақаласында: «ХХ әсирдиң 50-жылларының басы қарақалпақ әдебиятында әдебий күшлердиң жетилисип, қарақалпақ жазыўшыларының шеберликке умтылып атырған дәўири болды. Усы дәўирде Ө.Хожаниязов Москваға барып М.Горкий атындағы әдебият институтына киреди ҳәм оны табыслы тамамлайды. Ол бул институтта оқып жәҳән әдебиятының тарийхы ҳәм бай эстетикалық ғәзийнеси менен еркин танысады, студентлердиң дөретиўшилик семинарларында тәжирийбели шайыр ҳәм жазыўшылардың алдында жаңа шығармаларды додалаўға қатнасады. Жазыўшы Ө.Хожаниязов бул институтты питкерип келгеннен кейин «Қарақалпақстан» баспасында редактор, көркем әдебиятлар бөлиминиң баслығы, ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан» газетасында хабаршы, «Әмиўдәрья» журналында бөлим баслығы, жуўаплы хаткер ўазыйпаларында ислейди. Ол поэзия, проза, көркем аўдарма ҳәм журналистика тараўында тыным сыз қәлем тербетеди.»- деген пикирлерин билдирди.

Ө.Хожаниязов – белгили лирик шайыр болды. Шайырдың «Өзбекстан», «Поэзияға мирәт», «Қара теңиз», «Тырналар», «Әрман», «Туўған жер», «ашықпан» усған лирикалық қосықларында ўатан, халықлар дослығы, муҳаббат, тәбият, адамгершилик, әдеп-икрамлылық мәселелери сүўретленеди. Сатиралық қосықларында жәмийетлик өмирде ушырасқан жағымпазлық, ағайиншилик, бала тәрбиясына надурыс қатнас усаған мәселелер поэтикалык тил менен сынға алынады.

Өсербай Хожаниязов «Арал балығы» гүрриңи менен «Бир совхозда» атлы очерки көлеминиң қысқа болыўына қарамастан, өзиниң шеберлиги, проблемасының актуаллығы менен өз ўақтында жергиликли әдебий-көркем сыннан жақсы баҳа алған жазыўшының «Орынсыз өкпе», «Жас шопан», «Мийнет-даңқ иси» ҳәм басқа да бир қатар гүрриңлериринде ўақыялар ықшам берилген. Әсиресе, жазыўшының «Арал балығы», «Шын муҳаббат», «Пәкене», «Бажалардың хатлары» гүрриңлеринде әдеп-икрамлылық мәселелери жақсы сүўретленген. «Мийнет-даңқ иси» гүрриңи Алламурат пенен устахана баслығы Әзизовтың образлары ашылған. Оның «Ҳайўанлар айтысы», «Жайын», «Батыр бала», «Қымбатлы граммлар» сыяқлы балаларға арнап жазылған гүрриңлери көркемлик жақтан сәтли жазылған. Бул гүрриңлер балалардың дыққатын ўақыялардың қызықлығы менен өзине тартады. Сондай-ақ, жасларды мийнет сүйиўшиликке, адамгершиликке тәрбиялайды.

Жазыўшының «Шын муҳаббат» гүрриңи қысқа ҳәм ықшам сюжетке қурылған. Ондағы ўақыялар жасларды ҳадалыққа тәрбиялайды. Гүрриңде ескиликти әшкаралап көрсетеди. Автордың «Бажалардың хатлары» гүрриңи жазылыў стили бойынша өзиншеликке ийе. Бунда Үкибай ҳәм Түлкибайлардың образлары иронresponse усыл менен ашылған. Олар бир-бирине хат жазып турады. Соның ишинде барып турған жалатай ғәззап Түлкибайдың хатлары айрықша қызығыўшылық туўдырады. Оның хатлары дәслеп менменлик руўхында, шешенлик қызық сөзлерден ибарат болып, соң ақырында жаман қайғы-муңлы қысқа сөзли, үмитсизликке толы мәниске ийе болады. Бул қаҳарман тәғдириниң қайда баратырғанын көрсетип турады ҳәм оқыўшыда ерксиз күлки пайда етеди. Бул жерде унамлы ҳәм унамсыз персонажлардың бир-бирине ашып қарсы қойылғаны көзге түседи. Себеби, сатира жанрында бундай усыл толық қолланылыўы мүмкин. Ө.Хожаниязов турмыстағы кемшиликлерди сатиралық усыл менен шебер көрсете биледи. Оның «Жарты мурын» гүрриңи қолына ҳәмел тийген ўақтында ҳәммеге менсибей қарап, ал ҳәмелден түсип қалған ўақта жүдә әбжили шығып қалған бюрократ туўралы жазылған өткир сатира болып табылады. «Тереңде» гүрриңинде адамгершиликке жат ис-ҳәрекетлери әшкараланады. Онда Ҳилалатдинниң образы тәсирли ис-ҳәрекетлери ашылып, оның халық арасынан қуўылыўы себеплери ҳәм жағымсыз әдетлери ашып көрсетиледи.

Белгили жазыўшы А.П.Чеховтың гүрриңлеринен Ө.Хожаниязов дөретиўшилик жақтан терең тәсир алғанлығы сезиледи. Мәселен, жазыўшының «Пәкене» гүрриңи «Хамелеон», гүрриңиниң мазмунына жүдә жақын. Ондағы образлар үлкен шеберлик пенен жазылған. Онда автор еки жүзли, жағымсыз жалақор, езбе, ҳарамзада адамның жуўмақланған образын жасайды. Дөретпеде Палымбет образы тәсирли берилген. Ол бәрҳама таза кийинип, адамлар арасында пухта, актив болып көринип жүреди. Бирақ ол кемшиликти көрсе үндемейди. Жаман ислерге жолықса көз жумып өтип кетеди. Басқа адамлар бахытсызлыққа ушырасса күледи. Ол басшылар алдында мудамы

жағымпазланып жүреди. Гүрриңниң ең жақсы тәрепи қысқа сюжетке қурылған. Автор еки жүзли өсекшиниң шебер типин жасаған, шығарманы оқып отырып, жеркенишли, ҳүждансыз, өз қара басының мәпи ушын ҳәркандай гүнасыз адамды айыплап кетиўге таяр, сырттан қарағанда ҳақ болып көрингени менен, бирақ ҳақыйқатында барып турған ҳайяр, ис жақпас, ҳарамтамақ адамды ерксиз көз алдыңа келтиресең. Бул турмыс шынлығынан алынған.

Ө.Хожаниязов қарақалпақ прозасын жанрлық ҳәм формалық жақтан раўажландырыўға әдеўир үлес қосты. Жазыўшының дәслепки повести - «Айдана». Бул повесть ҳаққында филология илимлериниң докторы Қоныcбай Камалов өзиниң қарақалпақ повестьлерин изертлеген илимий жумысында унамлы пикирлерин билдирип, дөретпениң образларына, жазылыў шеберлигине терең таллаў ислеген [4:86]. Дөретпеде дийқаншылық темасы кең сүўретленип, онда пахтакеш ҳаял Айдананың пидәкерлик ислери, кеўил сарайының тазалығы, исти дурыс шөлкемлестире алыўшылығы әдеўир шеберлик пенен ашып көрсетилген. Айдана образы бул мыңлаған пахтакеш ҳаял-қызлардың типик образларының бири. Жазыўшы дөретпеде қаҳарман образын жасаўда, сюжет, конфликт қурыўда шеберлик пенен көрсете билген. Мәселен, шығармадағы Мәлпей, Рәмет образлары сәтли жасалып, олардың Айдана менен болған ҳәр қыйлы тартыслары шебер берилген. Сонлықтан да жазыўшының бул повести қарақалпақ прозасының белгили шығармаларының бири сыпатында баҳаланады. «Қыс балладасы» повести шарўалар турмысынан жазылған. Повестьте қой бағыўшы шопан Асқардың өз кәсибин сүйиўи, оның кыйыншылықлары, шарўалар турмысының реаль картиналары менен бирге әпиўайы шопан адамының жеке минезиндеги инсаныйлық, ўатанға сүйиўшилик сезимлер жақсы ашылады. Бул шығармалар көркемлиги жағынан китап оқыўшылардың қызығыўшылығын елеге шекем өзине тартып киятыр.

Өсербай Хожаниязовтың «Бир өмир қыссасы», «Жез тырнақ ҳикаясы» атлы повестьлери де сәтли жазылған дөретпелерден есапланып, онда бир дәўир шынлығы сүўретленген ҳәм екеўи сюжетлик байланысқа ийе шығармалар. «Бир өмир қыссасы» повестинде мәрт ҳәм ар-намысына қырағы ана Сайыпжамал менен оның баласы Оңғарбайдың образлары сүўретленсе, «Жез тырнақ ҳикаясы» повестинде Айжамал ҳәм оның ҳадал кеўилли қызы Рәўшанның образлары ашып бериледи.

Жазыўшының «Жалынлы жылларда» повестинде уллы ўатандарлық урысынан жарадар болып қайытқан Медеттиң образы тереңнен ашылған. Дөретпеде қызықлы ўақыялар ҳәм турмыс ҳақыйқатлығы көркем поэтикалық тил менен сүўретленеди. Ал, жазыўшы қайтыс болғанан кейин оның «Қашқынлар» повести баспада жәрияланды. Онда XX әсирдиң 20-30-жылларындағы тарийхый ўақыялар сүўретленеди.

Өсербай Хожаниязовтың «Айдана», «Қыс балладасы», «Жайлаўдағы бәҳәр», «Жаҳангир биринши», «От ишинде» атлы повестьлеринде ҳәм «Ояныў» романында ҳәр түрли турмыс тараўларындағы конфликтлерди сүўретлеп бериўине қарамастан, онда реализмниң күшлилиги ҳәм сол принциплерди қаҳарман образларына тереңнен сиңдире билиўдеги поэтикалық шеберлиги, өткирлиги менен басқа жазыўшылардың дөретпелеринен өзгешеленип турады [7]. Оны турмыс пенен салыстырып, жазыўшы сюжетке тийкар болған конфликтлердиң орнын, негизги ис-ҳәрекетлер қарама-қарсылықларында өмирде болып өткен ўақыялар арқалы шебер жуўмақластырып сәўлелендирген. Усы нәрсе жазыўшы дөретпелеринде конфликтлер ҳәм қаҳарманлар образын сәўлелендириўдиң тереңлигин келтирип шығарған. Конфликтлерди сол дәўирдиң, социал жәмийетлик турмыстың оғада актуаль мәселелери менен жүдә тығыз байланыста сүўретлеў арқалы қаҳарманлардың образындағы руўхый әдеп-икрамлық сыпатларды терең ҳәм исенимли түрде ашады. Дөретпедеги конфликтлердиң тереңнен алынып, адамлар минез-қулқының анық ҳәм тарийхый шараятқа сай сүўретленгенин дурыс түсиниў керек. Усы көзқарастан оның дөреткен шығармаларындағы Үкибай, Түлкибай, Палымбет, Рәмет, Мәлпей сыяқлы образларда әдеп-икрамлық жақтан бузық адамлардың ис-ҳәрекетлери ашып берилген. Жазыўшының бул дөретпелердеги конфликтлерди ҳәм қаҳарманлар характерин ашыўдағы шеберлигиниң бири - негизги сюжеттеги конфликтлерди ашыў менен бирге қаҳарманлардың өз-ара сөйлесиўине де сюжетлик ҳәм конфликтлик ўазыйпа жүклейди. Конфликттиң бул барысында да жазыўшы тек ғана қурғақ ўақыялар қарама-қарсылықларын тартымсыз баянламастан, ал оларды ҳәр қыйлы психологиялық сүўретлеў усыллары: қыймыл-қозғалыслар, тәсирли авторлық баянлаўлар көбирек диалогларды өнимли ислетиў арқалы образлардың дүньясын оқыўшылар көз алдына елеслеткен [5].

Өсербай Хожаниязовтың «Айдана», «Қыс балладасы», «Жайлаўдағы бәҳәр», «Жаҳангир биринши» «От ишинде» атлы повестьлеринде ҳәм «Ояныў» романында пейзаж ҳәм тәбият көринислери арқалы қаҳарманлардың ҳәрекет еткен қоршаған орталығы, шараятлары алып сүўретленеди. Ал айырым жерлерде тәбият психологиялық параллелизм усылында сүўретленип, тутас сол дөретпениң тәсирлилигин арттырып, қаҳарманлар образын бурынғыдан да тереңирек ашыўға хызмет етеди. Жазыўшының және бир шеберлиги сюжеттиң раўажланыў басқышларында қаҳарманлардың сыртқы портретлик белгилерин қысқа, бирақ тәсирли, анық штрихлар менен сүўретлейди. Жазыўшы дөретпелеринде олардың сыртқы портретлик сыпатларын бирден толық түрде емес, әсте ақырынлық пенен сөз бенен сызып барып, буларды кем-кем толықтыра береди. Солай етип, олар сюжет жолының айырым басқышларында оқыўшыларға бурынғыдан толығырақ сыпатта да көринеди. Бул портрет жасаў жазыўшының өзине тән усылы болса керек. Демек, жазыўшы қаҳарманлардың сыртқы келбетин өз эволюциясында ашып көрсетиўге ҳәрекет етеди. Қаҳарманның дәслепки белгилерин оқыўшыға еслетип, толықтырып, салыстырып көрсетеди [5].

Оқыўшыларға жазыўшылар дөретиўшилигин үйретиў ең зәрүрли методикалық мәселелердиң бири. Әдебият сабақларында методларды ҳәм усылларды дурыс қолланыў арқалы ҳәрбир жазыўшының шығармаларының сюжети, қаҳарман образлары, тәрбиялық әҳмийетин ҳәм көркем дөретпелер бойынша айтылған алымлардың пикирлерин тереңнен түсиндириў әдебиятшы муғаллимнен методикалық шеберлик талап етеди. [6].

Өсербай Хожаниязовтың прозалық шығармаларында қаҳарманның ишки монологларындағы ҳәр қыйлы сезимлер, сораў-жуўап, ойланыў, ой жуўмағын шығарыў, айрықша өзин-өзи бийкарлаў формалары шеберлик пенен сәўлелендирилген. Сондай-ақ қаҳарман образлары да көп орынларда ишки монологлар арқалы психологиялық жақтан дәлийлленген ҳәм тереңлестирип сүўретленген. Бул сүўретлеў усыллары жазыўшы шеберлигин көрсетип, қарақалпақ прозасының көркемлик дәрежесин жоқарылатыўға хызмет етеди. Солай етип, жазыўшының дөретиўшилигине белгили алымларымыз М.Нурмуҳаммедов, С.Ахмедов, Қ.Камалов, К.Кудайбергеновлар өз ўақтында дурыс ҳәм әдил баҳа бериўи, жазыўшының дөретпелериниң көркемлик

жақтан шебер ҳәм жоқары дәрежеде сапалы жазылғанынан болса керек. Соған қарамастан жазыўшы дөретиўшилиги бойынша елеге шекем арнаўлы изертлеў жумыслары болмады. Мәселен, оның 1987-жылы «Жайлаўдағы бәҳәр» роман ҳәм повестьлер топламы басылып шықты [7:372]. Бул топламға елеге шекем жетерли пикирлер айтылмады. Усы көз қарастан қарағанымызда келешекте жазыўшының дөретиўшилиги бойынша тереңнен ҳәм арнаўлы изертлеў жумыслар исләниўи керек екенлиги көринип тур. Әлбетте, бул машқалаларды қарақалпақ әдебияттаныў илими менен шуғылланыўшы әдебиятшы-алымлар, магистрантлар ҳәм излениўшилер өзлериниң изертлеў жумысларында әмелге асырады деп ойлаймыз.

Улыўмаластырып айтқанда академиялық лицей оқыўшылары белгили жазыўшы, шайыр, журналист ҳәм аўдармашы Ө.Хожаниязовтың дөретиўшилигин тереңнен үйренип, ол әдебий дөретпелери менен қарақалпақ әдебиятын тематикалық, жанрлық ҳәм көркемлик жақтан раўажландырыўға салмақлы үлес қосқанлығын тереңнен түсинип алады. Оның көркем дөретпелери академиялық лицей оқыўшылары ушын үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе баҳалы әдебий мийраслар болып, оларды улыўма инсанынйлық, әдеп-икрамллылық, эстетикалық сезимлерге тәрбиялайды.


**Әдебиятлар**

1.Ахмедов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988; Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. -Нөкис: «Билим» ,2004; Айжанова З. Әдебият сабағында И. Юсуповтың шығармаларын үйрениў. -Нөкис: «Билим»,1993; Усмонова К. Адабий таълимда илғор педагогик технологиялар. –Тошкент: 2004. Долимов С., Убайдуллаев Ҳ., Ахмедов Қ. Адабиёт ўқитиш методикаси. -Тошкент: «Ўқитувчи», 1987; Ахмедов С. Адабиёт дарсларида эпик жанрларни ўрганиш. –Тошкент: «Ўқитувчи», 1986; Йулдошев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий-назарий асослари. -Тошкент: «Ўқитувчи», 1996. Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. –Тошкент: «Янги аср авлоди», 2006. Йўлдошев Қ., Йўлдош М. Бадий таҳлил асослари. -Тошкент: «KAMALAK», 2016.

2. Қарақалпақ әдебиятының мәселелери. 1-топлам. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975.

3. Нурмухамедов М.К. Шығармалары. II том. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985.

4. Камалов Қ. Қарақалпақ повести. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978.

5. Юсупов Қ. «Тәрбиялық әҳмийетке ийе баҳалы әдебий мийраслар. / «Қарақалпақ әдебияты», 2016, май. №5 (65).

6. Юсупов Қ. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. -Ташкент: «Саностандарт», 2018.

7. Хожаниязов Ө. Жайлаўдағы бәҳәр. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987, 372-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада атоқли қорақалпоқ ёзувчиси О.Хожаниязов ижодининг ўзига хос хусусиятлари ва унинг маҳорати ҳақида сўз боради. Унинг ижодини академик лицейларда ўқитиш йўллари ҳақида фикр билдирилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваються специфические особенности творчества известного каракалпакского писателя У.Хожаниязова и описывается мастерство художника слова.

**SUMMARY**

The article deals with individual peculiarities of the creative work of the famous Karakalpak writer U.Khojaniyazov and his skill as an artist of a word.


## ОЛИЙ ТАЪЛИМ МУАССАСАЛАРИ ТАЛАБАЛАРИНИНГ ЖИСМОНИЙ МАДАНИЯТИНИ РИВОЖЛАНТИРИШ МАСАЛАЛАРИ


**Ф.Қ.Аҳмедов -** *педагогика фанлари номзоди, доцент*

**Н.С.Кулбоев -** *катта ўқитувчи*

*Жиззах давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** талабалар, жисмоний маданият, спорт иншоотлари, жисмоний маданият йўналишлари, кундалик турмуш тарзи, жисмоний маданият даражаси, спорт натижалари.

**Ключевые слова:** студенты, физическая культура, спортивные сооружения, направления физической культуры, повседневный образ жизни, уровень физической культуры, спортивные результаты.

**Key words:** students Physical culture, sports facilities, fields of physical culture, everyday life, level of physical culture, sports results.


Мамлакатимизда аҳоли турмуш фаровонлигини ошириш давлат сиёсатининг бош масаласи ҳисобланади. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ш.М.Мирзиёев раҳбарлигида олиб борилаётган ислоҳотларнинг мазмун моҳияти ҳам мамлакат аҳолисининг турмуш фаровонлигини оширишга қаратилган.

Жумладан, аҳоли саломатлигини сақлаш ва мустаҳкамлаш бугунги куннинг энг асосий масалаларидан бири бўлиб, бунда жисмоний тарбия ва спортнинг ўрнига алоҳида эътибор қаратилмоқда. Буларни инобатга олган ҳолда, аҳолининг соғлом турмуш тарзини шакллантириш, айниқса, ёш авлоднинг жисмоний тарбия ва спорт билан мунтазам шуғулланиши учун замон талабларига мос шарт – шароитлар яратиш, спорт мусобақалари орқали ёшларда ўз иродаси, кучи ва имкониятларига бўлган ишончни мустаҳкамлаш, мардлик, ватанпарварлик, она Ватанга садоқат туйғуларини камол топтириш, шунингдек, ёшлар орасидан иқтидорли спортчиларни саралаб олиш, тизимли ташкиллаштириш ҳамда жисмоний тарбия ва оммавий спортни янада ривожлантиришга йўналтирилган кенг кўламли ишлар амалга оширилмоқда.

Кейинги йилларда Ўзбекистон спортчилари халқаро спорт майдонларида жуда ката мувоффақиятларга эришмоқда. Бунга 2016 йилдаги олимпиада ўйинларидаги ютуқлар яққол мисол бўла олади. «Олимпиада-2016» спорт мусобақаларида терма жамоамиз аъзолари 4 та олтин, 2 та кумуш, 7 та бронза медаллари билан, умумжамоа ҳисобида дунёда 21 ўрин, Осиёда 4 ўринни эгаллади. Ана шу ютуқларда талаба спортчиларининг ютуқлари салмоқли ҳисобланади. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ш.М.Мирзиёев жорий йилнинг 24 январидаги Олий Мажлисга Мурожаатномасида ахоли ўртасида соғлом турмуш тарзини кенг қарор топтириш, бунинг учун ҳудудларда аҳоли ва, айниқса, ёшлар учун янги спорт объектларини қуриш, ёшлар орасидан иқтидорли спортчиларни саралашнинг – туман – худуд – Республика босқичларидан иборат 4 босқичли тизим жорий этилишини таькидлаб ўтди.

Шунингдек, Ш.М.Мирзиёев, “олий маълумот оламан, ўз устида ишлаб илмли бўламан, деган юрагида ўти бор жўшқин ёшларимизнинг тахсил олиши учун ҳамма қулайликларни яратиш шарт” деб айтди.

Шунинг учун мактаб битирувчиларини олий таълим билан қамраб олиш даражасини 2020 йилда камида 25% га, келгусида 50 - 60% га етказамиз, талабалар қабул қилиш давлат грантларини икки баробарга ошириш, қизлар учун алоҳида грантлар ажратишини маьлум қилди.

Давлат раҳбари томонидан Ўзбекистон Республикаси ҳудудларида жисмоний тарбия ва оммавий спортни янада ривожлантириш, аҳолининг барча қатламлари, айниқса, ёшларни жисмоний тарбия